

**ХУАРЗ МАДÆ ÆМА ФИДÆ СÆ ЦÆУÆТИ ГЪÆУАГÆЙ НÆДÆР ХУÆРГÆ КÆНУНЦÆ, НÆДÆР – ДАРГÆ!..**

***Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936), финсæг: «Табу кæнæн ниййерæг мадæн. Уой уарзондзийнадæн нæййес арæнтæ, уой æхсирæй исгъомбæл æй æнæгъæнæ дуйне. Адæймагмæ хуарзæй цидæриддæр ес, уони еугурæйдæр райста хори тунтæй æма мади æхсирæй, – уой фæрци нин æй уоййасæбæл адгин цард дæр...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№29 (998) 2025 анзи 2 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман

## АХСГИАГ ФАРСТА



### РÆСТВÆНДАГ УОТÆ, НÆ КÆСТÆРТÆ!

Аци сæрдигон тæвдæ рæстæг уæлдай «тæвдæ» æй, тагъд скъоладзау ка исуодзæнæй, еци сувæллæнтти нийййергутæн. Алкедæр си архайуй æ сабийи скъоламæ аккаг хузи бацæттæ кæнунбæл – уæледарæсæй, ахургæнæн киунугутæй æма æндæр æнæмæнгæ гъæугæ фæрæзнитæй…

Минкъий сагъæстæ не 'взуруй нийййергутæмæ, сæ кæстæрти ахурмæ кæци скъоламæ раттонцæ, уой фæдбæл дæр. Тæккæ хумæтæгдæр унаффæ – кæци микрорайони кенæ гъæууон бунати цæрис, уордæмæ хæстæгдæр ка 'й, еци скъоламæ курдиадæ бадæттун. Берети ба бафæндуй, сæ цæсти «кадгиндæрбæл» нимад ци скъола æй, уордæмæ ахурмæ раттун сæ сувæллони.

Аци гъуддаги кæронбæттæни унаффæ ка нæма рахаста, уони зæрдæбæл лæуун кæнæн, бæлвурд скъола равзарунæн син берæ рæстæг ке нæбал ес, уой.

Ахурадæ æма науки министради игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, нуртæккæ скъолати косунцæ, фиццагкъласонти кæронбæттæн номхигъдтæ исбæлвурд кæнунбæл ка архайуй, уæхæн сæрмагонд къамистæ. Етæ косдзæнæнцæ 5 сентябри уæнгæ.

2

**НÆ МАДДÆЛОН ДИГОРОН ÆВЗАГ ХЪÆЗАР КÆМÆН ÆЙ, Æ КАРНÆБÆЛ ИН КА ТУХСУЙ, УОНÆЙ КОРÆН ÆМА**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

**РÆСТАГ АДÆЙМАГ ЦАРДМÆ ÆУУÆНКИ ЦÆСТÆЙ КÆСУЙ, АДÆМÆН ХУÆРЗУАГОН ÆЙ!..**

# ÆНОСТÆМÆ ТАБУЙАГ ЗАДÆЛЕСКИ НАНА...



Æма бабæй нæ кадгиндæр бæрæгбæнттæй еуей афонæ ралæудтæй – сабати, 2 августи бæрæг кæндзинан Задæлески Нанай цитгингæнæн бон. Задæлески Нана ка 'й æма ин æ номбæл уоййасæбæл парахаттæй сæрмагонд бæрæгбон цæмæн бæрæггонд цæуй, уой, махмæ гæсгæ, амонун нæ гъæуй – уотемæй дæр еци хабæрттæ зундгонд æнцæ. Фал уæддæр цубурæй ба зæгъдзинан уой, æма недзаманти нæ адæмихатт е 'знæгти азарæй бунисæфт ку кодта, дзилагæ си æгириддæр нæбал байзайдзæнæй, зæгъгæ, ку истæссаг æй уавæр, уæд аци силгоймаг нæ фидтæлтиккон цæрæнбунæттæбæл æвæллайгæй зилдæй æма æмбурд кодта, уæди æверхъауæйæверхъаудæр уавæрти ма ка райервазтæй, еци сувæллæнтти. Сæ багъæуай кæнуни зæрдтæй сæ бафæсвæд кодта Дигоргоми, нури Задæлескæ кæми 'й, уой фалдзос лæгæти. Цийфæнди зин æма тæссаг кæд адтæнцæ уавæртæ, уæддæр сæбæл мади рæвдудæй ауодудта, исгъомбæл сæ кодта. Ка си куд байлæгъ кодта, уотæ си алкедæр хецæн бийнонтæ аразта… Гъе уотемæй, е 'цæг ном æнæзундгондæй кæмæн байзадæй, фал адæм ба зæрдиагæй Задæлески Нана, зæгъгæ, хонун ке байдæдтонцæ, еци силгоймаги хъазауати фæрци нæ адæмихатт нæуæгæй исцардгъон æй…

Гъе уомæ гæсгæ рагон дзамантæй ардæмæ алли анз дæр æ кадæн Задæлески арæзт цæуй сæрмагонд адæмон бæрæгбон. Æрæги уæнгæ 'й фулдæр бæрæг кодтнцæ Дигоргоми дзиллæ. Фал æ ахедундзийнадæ æгæрон ахсгиаг ке 'й, уомæ гæсгæ ба нимад æрцудæй республикон бæрæгбонбæл.

Мадта еу рæстæги ба фæззиндтæй уæхæн фæндæ дæр, цæмæй ин нæ республики сахари уиндгундæр рауæни мемориалон циртдзæвæн дæр æвæрд æрцæуа. Е циуавæр уа, уой исбæлвурд кæнуни туххæй исаразтонцæ исфæлдистадон конкурс дæр. Уоми архайдтонцæ берæ скульпторæ. Нæкæси, мæнæ абони ци циртдзæвæни къарæ мухур кæнæн, е дæр æй еци ериси бавдист куститæй еу – исистан æй социалон хизæгтæй, ка 'й исаразта, е си, гъулæггагæн, амунд нæй.

Задæлески Нанайæн мемориалон циртдзæвæн Дзæуæгигъæуи ниввæруни фæндæй нерæнгæ нецима рауадæй. Уæдта си ести уайгæ ба ракæндзæнæй? Фарстати фарста…

Задæлески Нанай хъазауати туххæй нерæнгæ берæ аллихузон æрмæгутæ финст æрцудæй æма ма, æруагæс ни кæнуй, никкидæр ма финст æрцæуудзæнæй. Мах абони ниммухур кæнунæн равзурстан нæ республики адæмон финсæг Хъайтухъти Азæмæти финст уац. Кæсетæ 'й 4-5-аг фæрстæбæл.

http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Дзæуæгигъæуи фарæ бавналдтонцæ рацæргæ адæми нæуæг Хæдзарæ-интернат аразунмæ. Нуриккон гæнæнтæ æма равгитæй æнхæст социалон комплекс ахæссуй 13,5 мин квадратон метрей бæрцæ фæзуат. Дууæсæдæ рацæргæ æма фæккæсунгъæуагæ***

## АХСГИАГ ФАРСТА

### РÆСТВÆНДАГ УОТÆ, НÆ КÆСТÆРТÆ!

Уогæ ниййергути еу хай рагацау батухстæнцæ æма исбæлвурд кодтонцæ, сæ сабий кæци скъолай ахурдзау исуодзæнæй, еци фарста. Зæгъæн, Дзæуæгигъæуи ахуради управлений бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, абони уæнгæ фицгакълæсонти номхигъдти ес 3,2 мин биццеу æма кизгей бæрцæ (уонæй 256 æнцæ, æ нийййерæг сæрмагонд æфсæддон операций архайæг кæмæн æй, уæхæн сувæллæнттæ). Еумæ райсгæй, æнæгъæнæ республики нæуæг ахури анзи райдайæни скъолати дуарæй фиццаг хатт бахездзæнæнцæ авд мин биццеуи æма кизгемæй фулдæр.



### АХУРИ НÆУÆГ АНЗ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ РАЙДАЙДЗÆНÆЙ 4 СЕНТЯБРИ

Беслæни фиццаг скъолай æверхъау фудбæлахи æ бастъалдæй, уони номерæнæн хъонцгæнæн мадзæлттæ алли анз дæр фæццæунцæ арæзт 1-3 сентябри. Уомæ гæсгæ Цæгат Иристони ахури нæуæг анз дæр райдайуй æртæ бони фæстæдæр. Уотæ аци анз дæр – республики скъолати ахури нæуæг анзи фæдбæл мадзæлттæ арæзт цæудзæнæнцæ 4 сентябри, Рахесфарси районы ба – 5 сентябри.

Сентябри фиццаг æртæ боней дæргъи ба республики еумæйагахурадон организацити арæзт цæудзæнæнцæ номерæн мадзæлттæ, уæдта æдасдзийнади, æнгомдзийнади æма кæрæдземæн агъаз кæнуйнади фæдбæл ахурадон сахæттæ.

* * *

Цанæбæрæг рæстæг ма байзадæй, æма бабæй сентябри фиццаг бæнтти нæ республики скъолатæ алцæмæйдæр цæттæ уогæй, сæ дуæрттæ рæдауæй байгон кæндзæнæнцæ сæ уарзон скъоладзаутæн. Æма етæ дæр хуæрзæфснайд къласти æрфестæг уогæй, зæрдрохсæй рафардæг удзæнæнцæ зонундзийнæдти бæсти бæлдтаг нæдтæбæл. Æма син мах ба зæрдиагæй зæгъæн: «Рæствæндаг уотæ, нæ кæстæртæ!..»

## АДÆМÆН ЕВГЪУЙУНЦÆ СÆ ÆНЗТÆ, ФАЛ НÆ ЕВГЪУЙУЙ СÆ УОДÆНЦОЙНÆ ХÆССÆГ ХУÆРЗАГАДÆ!..

# БАГЪÆУАЙ КÆНÆН НÆ УОДВАРНИ ХÆЗНАТÆ



Федераций Совети экономикон политики Комитети сæрдар **Андрей Кутепов** си сæрдареуæг кодта, уотемæй Уæрæсейаг парламенти уæллаг палати æрæги арæзт æрцудæй урухгонд æмбурд, кæцими бæлвурдæй æрдзубанди кодтонцæ нæ бæсти историон-культурон циртдзæвæнтæ гъæуай кæнуни фарстатæбæл. Мадзали архайдтонцæ хецаудзийнади федералон æма регионалон оргæнти бæрнон косгутæ. Цæгат Иристони номæй си адтæнцæ нæ республики премьер-министр **Дзанайти Барис**, Федераций Совети иуонг Цæгат Иристонæй **Виталий Назаренко** æма нæ республики культури удварни хæзнатæ гъæуайгæнæн æма си пайда кæнуни фæдбæл Комитети сæрдари хуæдæйевæг **Чехойти Людмилæ**.

Фембæлди райдайæни Андрей Кутепов æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Нæ Комитетæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй 2025 анзи кæронмæ Уæрæсей Федераций культури министради хæццæ еумæ бацæттæ кæнæн нæ бæсти историон-культурон циртдзæвæнтæ гъæуай кæнун æма сæ исонибони реставраци кæнуни программæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй программæмæ хаст æрцæудзæнæнцæ культурон удварни 1400 объектемæй фулдæр.

Сенатори дзубандимæ гæсгæ, нуртæккæ сæйрагдæр æй, цæмæй регионти бабæстон кæнонцæ, сæ уавæр зæрдæдзоргæ кæмæн æй æма фиццаг кезуй æгъдауæй багъæуай кæнун ке гъæуй, еци историон-культурон циртдзæвæнти номхигъд.

Уой фæдбæл адтæй Уæрæсей культури министри хуæдæйевæг **Владимир Осинцеви** радзубанди дæр:

– Фиццаги-фиццагдæр бал еци объекттæ ’рцæудзæнæнцæ консервацигонд, гъома, æхгæд, цæмæй идарддæр мабал ихæлонцæ. Æма уотемæй ба архайд цæудзæнæй сæ исрæвдзæ кæнунбæл.

Æмбурди æ радзубандий Дзанайти Барис дæр куд фегъосун кодта, уотемæй Цæгат Иристон гъæздуг æй культурон удварни хæзнатæй, æма уони æнхæстæй багъæуай кæнун ахсгиаг ихæс æй, еуемæй, цæмæй си хайгин уонцæ исонибони фæлтæртæ, уæдта ин ес æведуйгæ ахедундзийнадæ еци фæлтæрти гъомбæладæн, цæмæй зононцæ сæ фидиуæзæги евгъуд дзамантти æвдесæндартæ, сæрустур си уонцæ.

– Нæ фадуæттæ куд амонунцæ, уотæ архайæн еци циртдзæвæнти цалцæг æма райарæзтбæл, цæмæй исонибони фæлтæртæмæ дæр æнæгъигæдардæй бахъæртонцæ. Уæхæн историон-культурон циртдзæвæнти номхигъди нуртæккæ ес 717 объекти (уонæй 412 æнцæ федералон нисанеуæги циртдзæвæнтæ). Еци объекттæй консервацимадзæлттæ тæккæ фиццаг ци 20 циртдзæвæнебæл исаразун гъæуй, уони туххæй æрмæгутæ афойнадæбæл балæвардтан культури федералон министрадæмæ. Нæ зæрдæ дарæн, фарста лухгонд ке ’рцæудзæнæй, уобæл.

Æмбурди ци фарстатæбæл цудæй дзубанди, уони фæдбæл æмбурди архайгутæ исфедар кодтонцæ сæрмагонд амундзийнæдтæ федералон ведомствитæ æма хецаудзийнади регионалон оргæнтæн.

***Республикæ Цæгат Иристон-Алланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***

## КУ НÆ УИДÆ НИН НÆ ЦАРДИ ЦИЙНАДÆ, УÆД ДУЙНЕ НИУУИДÆ ÆНÆГЪÆНÆЙДÆР ЕУГУР ТАР!..

# СÆ УИНДÆЙ ЗÆРДÆ РОХС КÆНУЙ



Дзæуæгигъæуи райдæдта Адæмон аййевадон промыслити æртиккаг Еугуруæрæсеуон этникон фестиваль «Рон-2025».

Архайунцæ си, цар, æргъæ, дор, цилле, нимæт, æфсæйнаг, гъæдæ æма æндæр æрдзон æрмæгæй дзаумæуттæ кæнунмæ хъæбæр дæсни ка ’й, уæхæн æнтæстгин 50 адæймаги нæ бæсти алли регионтæй. Мадзал арæзт цæуй Цæгат Иристони Национ музейи равдистити зали.

Музеймæ равдист фæууинунмæ ка ’рбацудæй, етæ æхцæуæнæй кастæнцæ, дизайнертæ æма армдæснити куститæмæ. Хе къохтæй худ кæсгон, балхъайраг, хъумухъаг национ уæледарæси хузтæ, хизинтæ, нимæттæ, сикъатæ, авгин æма æргъæй конд дзаумæуттæмæ.

Фестивали директор **Бзарти Аланæ** куд радзурдта, уотемæй мадзал арæзт цæуй нæ бæсти Президенти культурон хъæппæрести фонди агъазæй.

– Нæ рагфидтæлти культурæ æма армдæснийади истори багъæуай кæнунæн уæхæн этникон фестивальтæ гъæугæ ’нцæ. Æртиккаг хатт цæуй дууæ анземæ еу хатт арæзт аци мадзал, æма архайдзинан, цæмæй аллиансон исуа, æ арæнтæ ба урухæй-урухдæр кæнонцæ. Нæ зæрди ес, этникон фестиваль айдагъ Иристони нæ, фал Уæрæсей æндæр регионти дæр аразун. Агъазиау мадзал æй евгъуди этникон мотивтæ нуриккон уæледарæси хузтæмæ бахæссун æма уотемæй нæ рагфидтæлти культурон хæзнатæ æма бунтæ багъæуай кæнунæн. Махмæ, Иристони, абони дæр ес, нимæт цæгъдун, æргъæй, стæг, гъæдæй рагон дзаумæуттæ кæнун ка зонуй, уæхæнттæ. Амудтонцæ син сæ сæ хестæртæ æма еци зонундзийнæдтæ нæ фесавдæнцæ æности тари. Ке зæгъун æй гъæуй, фестивали бæнтти алкæмæн дæр фадуат уодзæнæй «Этно-деревня»-й циллe сæрбæттæнтæ бийун, æргъæй дзаумæуттæ æма æндæр хабæрттæ кæнуни мастер-класстæ, мастер-шоу æма Нарти гъæзтити архайунæн, – загъта Бзарти Аланæ.

Ирон къæртрæзти пъолций историон хузæ фæууинæн ес абони **Хæсигати Лиди** кустити. Армдæсни æхуæдæг куд загъта, уотемæй, кæд абони модæ æййевгæ цæуй æма къæртрæзтæмæ дæр хæссунцæ циуавæрдæр æййивддзийнæдтæ, уæддæр сæ æхуæдæг ба кæнуй, кæддæр нæ фидтæлтæмæ куд адтæнцæ, уотæ. Лидæ аци куст кæнуй æртиндæс анзи æма ин æнтæсгæ дæр кæнуй. Сувенирттæн æлхæнунцæ туристтæ ирон куклатæ æма сæ дизайн устур цæмæдеси æфтауй алкæдæр.

Цæмæдесаг адтæнцæ иннæ армдæснити куститæ дæр. Ирон хæдæнттæ, сæракæй æма царæй конд дзаумæуттæ: æхцай кисæ, паспорт æма æндæр документти æндаг агъодитæмæ адæймаг кæсунæй не ’фсастæй. Иннети ’хсæн дæр уæлдай бæрæг дардтонцæ сæ бæрзонд аййевадæй. Равдисти архайгутæй алли силгоймаги дæр фæндадтæй ирон цилле сæрбæттæн æхе усхъитæбæл æркæнун, нæлгоймæгтæбæл ба – ирон хæдонæ искæнун. Хъæбæр цæмæдесаг адтæнцæ стæгæй конд дзæбодури, фури æма стори сикъатæ. Цæхæр калдтонцæ бони рохсмæ. Адæймагæй æруагæс дæр нæ кодта, уæхæн куститæ ма нури санкцити рæстæг кæнæн ес, е. Алцæмæн дæр гъæуй æрмæг, æма сæбæл цæмæй косай, уæхæн гæрзтæ. Фал адæймагæн æ тоги ку уа армдæснийадæ, уæд цийфæндийæй дæр искæндзæнæй æ гъуддаг.

***Æрмæг бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, советон цирки номдзуд архайæг, Уæрæсей адæмон артист Туйгъанти Николайи фурт Михаили райгурдбæл 2 августи æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1900-1974).**



Дзæуæгигъæу æма Нальчикки фæсевæдон раздзæугутæ сæ фембæлди рæстæг се ʼмгустадæн иснисан кодтонцæ аллихузон зæрдæмæдзæугæ мадзæлттæ.

# КÆРÆДЗЕЙ ЦÆРА КÆНГÆЙ...

*… Уæд дин еу рæстæги дууæ æрдхуарди, дигорон æма кæсгон кутемæйдæрти карк ку исамал кæниуонцæ. Исфунхтонцæ ʼй, фал… кæсгон еци сагъæсхузæй ку загъидæ:*

*– Айæ ни ке фагæ уодзæнæй, уой бæсти ʼй нæ еу ку бахуæридæ, уæд – хуæздæр…*

*Уæд æй дигорон фæрсуй – æма ʼй нæ дууемæй ка гъæуама бахуæра, загъгæ?..*

*Кæсгон расагъæс кодта æма ин равардта дзуапп:*

*– Æхсæвæ ни дессагдæр фун ка фæууина, карк сæумæй е бахуæрдзæнæй.*

*Уотемæй ниххустæнцæ. Кæсгон рафунæй æй, загъгæ, уой фæууингæй, дигорон исистадæй, карк бахуардта æма нæуæгæй ниххустæй.*

*Сæумæй ку раистадæнцæ, уæд дигорон кæсгони фæрсуй:*

*– Цæй, ци фун фæууидтай?*

*– Мæ хæлар, дессаги фун: цума мæ изæдтæ исистонцæ æма мæ рохс рауæнмæ исхастонцæ…*

*Æма ин уæд дигорон дæр ку загъидæ:*

*– Æз дæр дæ, куд тахтæ, уой рауидтон æма уотæ æнгъалдтон, фæстæмæ нæбал æрæздæхдзæнæ, уомæ гæсгæ ба карк бахуардтон…*

## САГ САГМÆ КÆРДÆГ БАДАРДТА...

Аци гъазæн-ходæн таурæхъ æримисгæй æгириддæр уой зæгъуйнаг нæ ан, æма дууæ æрдхуардемæй еу налатдæр разиндтæй, иннебæл гадзирахаттæй рацудæй. Растдæр уодзæнæй уотæ зæгъун, æма дууæ адæмихаттемæй уогæй еугæр се ʼхсæн лимæндзийнадæ адтæй, уæд, баруагæс уи уæд, сæ кæрæдзей æнæмæнгæ лæдæрдтайуонцæ, нимадтайуонцæ. Сæ медастæу гъазæн-ходæн миутæ дæр куд нæ араздтайуонцæ. Мæнæ еци карки сосæггай бахуæрд дæр нимайун æнгъезуй уæхæн миуæбæл, хæлхъойаг син гъæуама ма иссайдæ. Баруагæс уи уæд, дууæ адæймаги сæ ирисхъитæ еугæр æрдхуарддзийнадæй исбастонцæ, уæд си еу инней сосæггай нæдæр мулкитæ кæндзæнæй æхецæн, еунæгæй хуæрунтæбæл фæуудзæнæй, уой кой ба кæнгæ дæр ма кæнæ. Нæ рагфидтæлттæй дæр ма нин ку байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Саг сагмæ кæрдæг бадардта: ду дæр си бахуæрæ æма æз дæр...» Кæд æма сирдмæ уæхæн зундирахаст ес, уæд адæймаг ба, æрдхуардеуæг ке хæццæ кæнуй, уобæл хуæрдæй гадзирахаттæй куд гъæуама рацæуа?! Ка ʼй зонуй, кæрæдзей баигъæлдзæг кæнуни зæрдтæй си еске ести уæхæн миуæ ракæндзæнæй, æма ибæл дууемæй дæр зæрдиагæй фæхходдзæнæнцæ.

## АДÆМТИ ÆХСÆН ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ФЕДАР КÆНУЙ ФÆСЕВÆДИ ЛИМÆНДЗИЙНАДÆЙ

Аци таурæхъ ма æримистан уомæ гæсгæ дæр, æма куд хецæн адæймæгути ʼхсæн, уотæ Хуцауи фæндæй æмвæрстæ цæргæ кæмæн рауадæй, еци адæмихæттити ʼхсæн дæр рахастдзийнæдтæ еудадзуг лигъз æма æнæдзурдтаг кæми адтæйуонцæ. Фал уæддæр цардæнцæ, берæ цидæр гъуддæгути ба сауæнгæ сæ равгитæ æма гæнæнтæ æрбаеу кæнгæй, арæзтонцæ сæ ирисхъи хабæрттæ. Уæхæнæй недзамантæй ардæмæ рахастонцæ Иристони æма Кæсæг-Балхъари адæмти ʼхсæн рахастдзийнæдтæ. Æма идарддæр дæр, федарæй ни æруагæс кæнуй, кæндзæнæнцæ никки зæрдæмæдзæугæдæр. Уой фæдбæл берæ зингæ дæнцитæ æрхæссæн ес, уомæн æвдесæн æй, мæнæ уин ци цауи кой ракæнуйнаг ан, е дæр.

Цау ба æцæгæйдæр æхцæуæн æй – Дзæуæгигъæу æма Нальчик æнгом æмгустадæ ке кæндзæнæнцæ фæсевæдон политики къабази. Уой фæдбæл сæрмагонд бадзурд бафинстонцæ Цæгат Иристон æма Кæсæг-Балхъари сæйраг сахарти профилон комитетти минæвæрттæ. Æрæги син Дзæуæгигъæуи ци фембæлд адтæй, уоми лæмбунæг æрдзубанди кодтонцæ еумæйаг проекттæ арæзун æма æнхæст кæнунбæл культури, спорт æма ахуради къабæзти, фадуæттæ араздзæнæнцæ, цæмæй дууæ регионей фæсевæд кæрæдзей хуæздæр зононцæ, се ʼхсæн федарæй федардæр кæнонцæ лимæндзийнади рахастдзийнæдтæ, еумæйагæй арæзонцæ арфиаг гъуддæгутæ.

Дзæуæгигъæуи администраций фæсевæдон политики, физикон културæ æма спорти комитети сæрдар **Айларти Заур** куд загъта, уотемæй ин хъæбæр æхцæуæн адтæй аци хсгиаг гъуддаги нæ синхаг региони хецаудзийнадæ зæрдиагæй ке исæмбалдæнцæ иристойнæгти хъæппæрестæбæл:

– Нæ абони хъæзар иуазгутæн, Нальчикки сахари администраций фæсевæдон политики управлений бæрнон косгути делегацийæн арфæ кæнæн, Дзæуæгигъæумæ ке ʼрбацудæнцæ, уой туххæй. Кæрæдзей фæлтæрддзийнади хæццæ базонгæ ан, кæрæдземæн нæ фæндитæ загътан æма нин е, федарæй æууæндæн, зингæ фæййагъаз уодзæнæй нæ идарддæри кусти.

Нальчикки администраций фæсевæдон политики управлений разамонæг **Анзор Афашагов** дæр аразийæй байзадæй нæ делегаций иуонгтæн Дзæуæгигъæуи ци фембæлдтитæ адтæй, уонæй:

– Нæ размæ берæ гъæугæ ахсгиаг нисантæ æвæрæн, къæпхæнгай косдзинан сæ исæнхæст кæнунбæл. Нæ дзæуæгигъæуккаг æмгустгæнгути ба зæрдиагæй хонæн, берæ уæрæсейаг регионти минæвæрттæ кæми архайдзæнæнцæ, еци форум «Синергия културъ»-мæ. Еци урух æмбурд уодзæнæй Нальчикки сæрди кæрони, æ архайгутæ æрдзордзæнæнцæ фæсевæдон политики фарстатæбæл, æригæнтти профессионалон ахуради хуæрзгъæдæдзийнадæ æма æ дæснидзийнадæ бæрзонддæр кæнунбæл.

* * *

## АБХАЗИ ÆРÆМБУРД КОДТА ÆРДХУАРД АДÆМТИ МИНÆВÆРТТÆ

Еугæр дзубанди цæуй нæ синхаг республикити хæццæ хæлар рахастдзийнæдти туххæй, уæд зæгъун гъæуй уой дæр, æма Кæсæг-Балхъари дзиллæй Цæгат Иристони ка цæруй, уонæн ес сæхе национ еугæндтæ, кæцитæ æнтæстгинæй архайунцæ куд нæ республикити царди, уотæ еугуркавказаг мадзæлтти дæр.

Зæгъæн, Мæздæги националон-културон центр «Мæздæги кæсгæнтти Цæдес»-и æхсæнади сæрдар **Руслан Факов** æма æ хуæдæййевæг, Мæздæги културæ Галауани директор **Вячеслав Хабитов**, куд Æхсæндуйнеуон Черкесаг Ассоциаций иуонгтæ, уотæ хуæрзæрæги хунд æрцудæнцæ Абхазимæ, уоми сæ республики исарæзти фæдбæл цитгингæнæн мадзæлтти архайунмæ. Не ʼмзæнхонтæй уæлдай ма Уæрæсейаг делегаций адтæнцæ Кæсæг-Балхъари, Адыгейи, Хъæрæсе-Черкесий, Краснодари краййи минæвæрттæ дæр.

Абхазий сæйраг сахар Сухумий æхсæнадон-политикон мадзæлтти арæзт æрцудæй, уоми архайдтонцæ Турки, Сирий, Израили æма европаг бæститæй цалдæрей минæвæрттæ дæр.

Мадзали ахсгиагдзийнадæ уомæй бæлвурд дæр æй, æма си ке æрæмбурд æнцæ игъустгонд политиктæ æма æхсæнадон архайгутæ, културæ номдзуд минæвæрттæ: адæмти ʼхсæн рахастдзийнæдтæмæ цæстдарæг Советти иуонг **Хаути Сохроков**, Адыгей, Кæсæг-Балхъари, Хъæрæсе-Черкесий, Абхазий республикити адæмон финсæг, Уæрæсей Фæллойни Бæгъатæр **Исхак Машбаш**, Æхсæнадон организаций «Адыгэ Хасэ»-й сæрдар **Валерий Майрамуков** (Абхази).

Æмбурди архайгути кадгин уавæри исиуазæг кодта Абхазий Президент **Бадре Гунба**. Æ радзубандий уотæ загъта:

– Абхази тухст уавæрти ку бахаудтæй æма агъазгъæуагæ ку æййафта, уæд аци Ассоциаци, фиццагидæр æ фарс а рахуæстæй, уони хæццæ адтæй. Мæ зæрдæ дарун, уæ архайд нæ еумæйаг хæдзарæ ке федардæр кæнуй, уобæл. Мæ зæрдæ ма дарун, идарддæр дæр еци куст никки федардæр æма ахедгæдæр ке кæндзæнæй, цæмæй дуйней сабурдзийнадæ федардæр кæна, адæмти ʼхсæн рахастдзийнæдтæ ба никки федардæр кæнонцæ, уобæл. Æнсувæрти хузæн адæм ци бæсти цæрунцæ, еци Уæрæсе махæн æй нæ устурдæр æма хъазардæр лимæн.

Иуазгутæ сæхецæн æнæмæнгæ исæнхæст кæнуйнаг ихæсбæл банимадтонцæ, Абхазий сæрбæлтау тохи æ цард ка иснивонд кодта, уони номерæнæн цæугæдон Гумистай сæрти хеди размæ ци мемориалон циртдзæвæн æвæрд ес, уой сæрмагондæй бабæрæг кæнун. Ами къæдзæхи фарсбæл финст æрцудæй: «Æносмæ кадæ Абхазий Бæгъатæртæн» – абхазаг æма уруссаг æвзагтæбæл. Иуазгутæ хъæбæр бахъонц кæнгæй, æригмистонцæ æдзард хъазауатонти рохс нæмттæ, сæ номерæни мемориали фарсмæ исæвардтонцæ деденгутæ.

* * *

... Ци мадзали кой кæнæн, е исфедудта берæ аллихузон зæрдæбæлдарæн хабæрттæ æма цаутæй. Хъæбæр гъæздуг æма зæрдæмæдзæугæ рауадæй æ културон программæ дæр. Æма иуазгутæ, сæхемæ æздæхуни рæстæг сæ фусунтæн хъæбæр бозæй арфæ кæнгæй, куд дзурдтонцæ, уотемæй сæ устурдæр бæлдæ æй, цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бабæй аци таурæхъон бæстæ бабæрæг кæнун.

***Æрмæг бацæттæ кодта ГАТИЙТИ Светланæ***



«Мæздæги кæсгæнтти Цæдес»-и минæвæрттæ хæлардзийнади балций рæстæг Абхазий.

**Уæрæсей 3 августи бæрæггонд цæудзæнæй æфсæнвæндагон косæги Бон. Уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики æфсæнвæндагон къабази еугур косгутæн дæр. Алкæддæр рæствæндаг уотæ.**

*Устур Фидибæстон тугъди рæстæг номдзуд уруссаг поэтессæ Аннæ Ахматова эвакуаций адтæй Ташкенти. Еу бон ин æ зонгæ хъазар сæкæри къæрттитæ æрбахаста. Ахматова ин зæрдиаг арфитæ фæккодта. Иуазæги рандæбæл цанæбæрæг рацудæй, уотемæй æ уатмæ æрбауадæй синхæгти фондзанздзуд кизгæ. Силгоймаг ин сæкæри къæрттитæ еугурæйдæр æ къохти*



Задæлески Нанай Хæдзарæ-музей.

# ЗАДÆЛЕСКИ НАНА



**ХЪАЙТУХЪТИ Азæмæт** (1923–2016),
Цæгат Иристони адæмон финсæг

***Хуцауи исконд еу силгоймаг, æ муггаг æма ном кæмæн нæ зонæн, еци Нана багъæуай кодта æнæгъæнæ комидзаг адæми исонибон æма хуарзæй байзадæй адæмти зæрдити, зарти, историй размæцудæн хуæрзгæнæги номæй имисунæн. Бацудæй рохс дзиуари хузæн Иристони адæми мади сорæти, æма ’й еудадзугдæр кадæ æма намуси хæццæ æримисæн.***

Ахсахъ-Темур, дан, аллонти фидбилизæн райгурдæй æма сæбæл тоги зæйтæ рауагъта. Дзилати федар дуæрттæ æхсинунæй кæд е ’фсæн дæндæгутæ бафехсудæнцæ, уæддæр æ къулух къах æртæ анзей дæргъи сахари къæсæрбæл байесун ин не ’нтæстæй. Нур ин е ’нæнимæдзæ æфсæдти фæрци æ бундор низзилдта. Уæллаг Дзилати сахармæ хор бони ауун ка дардта, уарун бони имæ æртæх æрхаун ци бæласæ нæ уагъта, уой бундзарæй рахъан кодта. Дор си дорбæл нæбал ниууагъта, сау фунук æй фестун кодта, фал уæддæр æ масти дзæкъолæ дæнгæлæй-дæнгæлдæр кодта.

Сахар гъæуайгæнгутæй чауисти æфсæн къæлæтæй ка райервазтæй, етæ Терки билгæрæнттæбæл æнæнимæдзæ чауисти нихмæ уæхæн хъазауат исаразтонцæ, æма тохи фæзæмæ идардæй фæлгæсæг Ахсахъ-Темурæн æ сæригъунтæ арцæ исбадтæнцæ. Æ бæгъатæр чауисти сæртæ сæ гуртæй æсхъиудтæнцæ æма тогвæдгæнгæ Терки донмæ зилдæнцæ.

– У-у, аци гиаури аллонтæ, аци! Аллахмæ дæр не ’гъосунцæ, фал мин сар сæ къона кæндзæнæй, æз син сæ буни гъæр райгъусун кæндзæнæн! – мæстæй æ игæр сугъдæй Ан-Насирæн, уотемæй, æвзедгæй, фæлгæсæн обаумæ исрæдæхстæй.

Терки билæбæл байеудагъ æй æверхъау тугъд. Армидзаг аллонтæ æнæнимæдзæ тухгæнгути апп-уппи исистонцæ. Цæф чауисти нæтун, тарст бæхти хуррут, æхсаргæрдти зæлланг, æндон фæтти æскъот æма æрцити хъиррistæй гъостæ къуру кодтонцæ. Чауисти сау сæртæ Терки билгæрæнттæбæл харбузи зад хумти хузæн зиндтæнцæ. Гъе, фал еу чауис кæми æрхауидæ, уоми æ бæсти дæс уæхæни æрбалæууидæ.

– Тох, тох! – азæлдæй аллонти нифсхаст гъæлæс æма сæ болат æндон кæрдтæ арвæрттивди хузæн æрттивтонцæ.

Ахсахъ-Темур æ цæстæ æрæвардта уарийхуз усхъæйусхъæмæ тохæг цуппар аллонебæл. Æхсаргардæй сæмæ райамудта æма æ тургаутæн зæгъуй:

– Уæртæ уонæй мин еу аллони удæгасæй ка ’рбакæна, уомæн – мæ лæвар!..

Бардзурд исæнхæст кæнунмæ тургауттæ æма нукерти къуар сæ тæлфагæ бæхти базмæлун кодтонцæ, æма, ил-алла гъæргæнгæй, тохи будурмæ рампурстонцæ. Тументи нæуæг зæйæ дæр бабæй кæцæйдæр фескъудæй, æма будур тоги буни фæцæй. Цуппар уарийи алфамбулай фудголти мæрдти цæндитæ фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ. Æртухсти цæг сæбæл æнгонæй-æнгондæр кодта. Удæгасæй сæ райсунмæ ке гъавунцæ, уой балæдæрдтæнцæ æма, нур кæрæдзей марунмæ фæззелонцæ, зæгъгæ, уотæ зæнхи æскъудæй фелвæсæгау, дууæ бæхгини, «тох, тох! », гъæргæнгæ, нукерти æма чауисти сæ буни фæккодтонцæ.

– «Тох, тох!..», - азæлдæнцæ хуæнхтæ, æзмалдæй зæнхæ, болат æхсаргæрдти зæлланг къулух Темури уод æ хъурæй ласта.

Цуппар домбай аллони фатдзæфæй къæхтæбæл лæуунгъон адтæнцæ æма, æртухстæй ку фæууæгъдæ ’нцæ, уæд сæ гъостæ дууæ аллойнаг бæхгиней гъæр райахæстонцæ:

– Гъæдæмæ, гъæдæмæ, хуæнхон цæргæстæ!

Æма цуппар аллони, кæрæдземæн агъазгæнгæй, пихсити ранихъулдæнцæ. Уæд дууæ бæхгини дæр, тохи будури æнæнгъæлæги куд февзурдæнцæ, уотæ син сæ думæг дæр некебал рауидта.

Дзилати будур кæми æнæ цонг, кæми æнæ сæр цагъди мæрддонæ фестадæй. Цæф чауисти нæтун, тарст бæхти хуррут æма зæрдæскъунæн гъæрмæ Ан-Насири бауæр сесбунтæ исбадтæй. Сæригъунтæ арцæ исбадтæнцæ, æма, æ бункказ билæ æхсингæ, тингунæй бавзиста:

– Сар уæ къона, сар, аллонтæ, æз сумахæн уæ бунигъæр ку не ’ссæун кæнон!

Азиаг лæборгутæ къуæрей дæргъи æфснайдтонцæ сæ цагъд мæрдти. Фал син æнцад-æнцойнæ нæ лæвардта аллойнаг дууæ æригон бæхгини. Кизгæ æма биццеу сæ уадсор бæхтæбæл «тох, тох!..» кæнгæ æнай-æнойти февзурдæнцæ. Зад хумæмæ байервæзæгау знагæй дзæвгарæ æркарстонцæ æма бабæй æнай-æнойти æрбадæлзæнхæ ’нцæ.

Темуронтæ, бонæ уа, æхсæвæ уа, æнцойнæ нæбал зудтонцæ. Сæрмагонд дружини тугъдонтæ дууæ «сайтани» æрахæссунмæ алли мадзæлттæ аразтонцæ, фал етæ ба æгириддæр æнгъæл кæми нæ адтæнцæ, уоми бабæй тоги зæйтæ рауагътонцæ.

Аллойнаг дууæ сагсор бæхгини æртиккаг бон нæбал фæззиндтæнцæ æма фæсæмбесæхсæви азиаг «сайтæнтти» хуссæг æ буни искодта, бæхти хузæн хурруттитæгæнгæ фунæй кодтонцæ. Хъалагъурти дæр æрдзи сабурдзийнадæ исустурзæрдæ кодта, æма сæбæл Терки дони аллолайи зартæмæ мæрдфунæй бахуæстæй.

Раст еци рæстæг дууæ æхсаргин бæхгини лагери февзурдæнцæ æма Ахсахъ-Темури цатирмæ кардæлвæстæй над игæрдун байдæдтонцæ. Фал тургауттæ сæ гумсæгтæ фæдеси хуаст никкодтонцæ. Чауистæ фæссæррæттитæ ластонцæ æма «ил-алла, ил-алла»-йæй бæстæ сæ сæрбæл исистонцæ. Нимпурст нæ фæррæстмæ ’й, дууæ лæгигъæдгун бæхгини кæбæлти фæттар æнцæ, уой мингай цæститæ дæр нæбал рауидтонцæ.

Æрбабон æй æма хорискастæй хорнигулæнмæ азиæгтæ фефснайдтонцæ сæ мæрдтæ. Темури фæдæсгаргутæ къахфехсуд бацæнцæ, се ’взæгутæ ралæсиуонцæ, дууæ æвзугъд бæхгиней агоргæй. Ци нæ къотæр, ци нæ дорræбун, ци нæ адагæ, æрхæ æма кæмттæ ба нæ басгарстонцæ, фал – некæми æма неци. Фæллад, фæлмастæй, сæргубурæй ку ’рбаздæхиуонцæ, уæдта син хецау сæ рæгътæбæл æхсæй балæууидæ – нæ арæхсетæ, зæгъгæ.

Темур еу бунати æгæр берæ ке рафæстеуат æй, уобæл мæстæй цæхæртæ калгæй, аллонтæмæ æвзедæнтæ кодта: «Æз ма сумахæй муггаг ку ниууадзон»,





***фæссагъта. Уотемæй æй ка фæууидта æма имæ дестæгæнгæй ка кастæй, уомæн ба Аннæ еци хумæтæгзæрдæй загъта: «Гæрр, æрра исдæн, ауæхæн дзамани сæкæр мæхуæдæг куд гъæуама бахуæрон?..» Нури бонгин силгоймæгтæ, æгæрон мулкити сæрбæл ка бадуй æма си еуварсмæ морæ дæр кæмæй нæ ададзуй, етæ уотæ бакæниуонцæ? Не 'нгъæлæн...***

зæгъгæ, æма «идарддæр нæуæг стæрмæ уæхе цæттæ кæнетæ», зæгъгæ, бардзурд равардта. Рæвдзæ кодтонцæ сæ хотухтæ æма сæ фадæварцитæ. Бонигъæдæ дæр цидæр раййевæ-баййевæ кодта. Уæд хор цæхæркалгæ ракæсидæ, уæдта æхе мегъти фæсте къæндзæстугхузæй раримæхсидæ. Терки дон дæр уæд тохи зар ниццæгъдидæ, уæдта бабæй зæрдихалæн гъарæнгæ. Уалинмæ дууæ сахъ цæргæси фæззиндтæнцæ æма азиаг тухгæнгути лагери сæрмæ зелун байдæдтонцæ. Ахсахъ-Темур сæмæ, къохауунæй дзæвгарæ фæккастæй, æ гъæуайгæнгутæмæ райамудта, æргæлдзетæ сæ, зæгъгæ. Тургауттæ сæ тохæнгæрзтæмæ фæллæбурдтонцæ, æма æндон фæттæ æзнæт дидинбиндзити хузæн цъуввудтитæ кæнун байдæдтонцæ. Æртиккаг æхстæн цæргæстæй еу фæккиудтæй æма уæд таргъæдæ 'рдæмæ фескъардтонцæ.

Хецауи цæстæмæ гъæуайгæнгутæ сæхемæ куд нæ ниццайуонцæ, фал цæргæсбæл ке фат исæмбалдæй, ка рæстдзæвиндæр æй, уобæл ку исхъæлæба æнцæ, раст еци рæстæг лагери искæсæн æрдигæй чауисти илалла фæдесгъæр райгъустæй. Æнæнгъæлти бабæй сæмæ аллойнаг дууæ бæхгини æрбалæбурдтонцæ æма, æллæх-æллæх, раст сæбæл цума дæсгай къохтæ адтæй, уоййау «тох, тох!..» гъæргæнгæ знæгти сæртæ фæйнердæмæ æсхъеун кодтонцæ. Кæми багъæуидæ, уоми æхсаргæрдтæ сæ дæндæгути 'хсæн райвæргæй, сæ фæттæ æскъот кодтонцæ, сæ тохи гъæр Æргинарæги коми азæлдæй.

Фæлгæсæн уæзæгæй æнæнгъæлæги карз тохмæ кастæй Ахсахъ-Темур. Æ сорхед ракалдæй, æ тугъдмондаг нуæрттæ ба æхсилкъитæгæнгæ, дууæ аллойнаг бæхгинемæ къохæй амонгæй, æ гъæуайгæстæн зæгъуй: гъири, гъири, гъома, æнæбасæттонтæ. Æвæдзи, еци гъири нæ синхаг адæмтæбæл райгъустæй æма нæ абони дæр цæцæн, дагестайнæгтæ æма мæхъæлæнттæ гъиритæ хонунцæ. Ка 'й зонуй, еци гъиритæмæ гæсгæ нæхуæдтæ нæхе хонун байдæдтан Ир, ирæнттæ.

Тохмондаг Темури æрфæндадтæй еци дууæ æнæсæттоней хæццæ лæгæй-лæгмæ истохун. Æ тохæнгæрзтæ æхебæл æрбабаста, фал имæ цалинмæ æ бæх ластонцæ, уæдмæ рауидта, биццеу-бæхгини хорхи фат иннердæгæй куд ракастæй, уой. Кеун ку байдæдта, уæд имæ е 'мбал кизгæ-бæхгин фæллæбурдта, æхемæ 'й æрбаиста æма тар гъæди æ фæд æрбайсафтæй. Сæдæгай чауистæ 'й дууæ бони фæййагурдтонцæ, фал æ фæд еу къæми исæфт фæккодта.

Рамардæй авдуодон сахъ биццеу æ уарзон кизги гъæбеси. Æргинарæги коми, адæймаги къах кæми нæма нифсардæй, уоми 'й, ставд цæстисуг калгæй байвардта. Рохсаг уо, рохсаг, загъта, æма 'й æ фæллад къæхтæ кумæ хастонцæ, уоцирдæмæ, æ идарддæри цардбæл сагъæсгæнгæй, рараст æй. Лæгсирдтæй æхе римæхсгæй, цудæй, сирд дæр кæми на балæстайдæ, уæхæн пихсæ æма синдзити 'хсæнти. Æ къохтæ æма цæсгон ницъцъæрæмухститæ 'нцæ, æ уæледарæс, цума 'й арс ниттудта, уоййау нискъудтæ 'й.

Дуккаг изæр æй æ фæллад къæхтæ гъæди астæу къæдзæхрæбун еу минкъий лæгæтгондмæ бахастонцæ. Лæгæти талингæ къуми уæрцци тарст бæдæлтти хузæн сæхе нилхъивтонцæ æртæ седзæр сувæллони. Æхебæл сæ бауæндун кодта, æ дзæкъоли ма ци къæбæрти мортæ адтæй, уонæй сæ бафсаста.

Бон цæуй æма фарнæ хæссуй. Гъе æма уæдæй фæстæмæ адæми фарнæ æма Хуцауи хуарзæнхæй хайгин силгоймаг знаги сосæггай æмбурд кæнун райдæдта ихæлд æма сугъд гъæути, дæрæнгонд сахарти æвæгæсæг седзæр сабийти. Æ уоди гъарæй сæ барæвдудта, цидæр бузуртæ сæбæл искодта. Дигоргоми Задæлески коми æ сабийти хæццæ æрцардæй еу лæгæти. Сæ еугуремæн дæр иссæй еумæйаг мадæ, хонгæ ба 'й кодтонцæ Нана. Гъомбæл сæ кодта гъæддаг рæзæ æма халсартæй. Уой фæсте, сувæллæнттæ куд байлæгъ кодтонцæ, уотæ сæ царди хабæрттæ аразтонцæ: биццеутæй ка рауосгор æй, етæ уоститæ ракурдтонцæ, кизгуттæй ка ракиндздзон æй, етæ ба киндзити цудæнцæ æма гъæутæ исаразтонцæ.

Гъе уотæ Хуцауи исконд еу силгоймаг, æ муггаг æма ном кæмæн нæ зонæн, еци Нана багъæуай кодта æнæгъæнæ комидзаг адæми исонибон æма хуарзæй байзадæй адæмти зæрдити, зарти, историй размæцудæн хуæрзгæнæги номæй имисунæн. Бацудæй рохс дзиуари хузæн Иристони адæми мади сорæти, æма 'й еудадзугдæр кадæ æма намуси хæццæ æримисæн.

Задæлески гъæуи цæргутæн ба еци лæгæт Нанай гъомбæлгонд цæуæти фæдзæхстмæ гæсгæ иссæй ковæндонæ, æма 'й абони дæр хонæн Задæлески Нанай рохс ковæндонæ.

***РЕДАКЦИЙÆЙ.*** *Задæлески гъæуи туххæй дæр æма Задæлески Нанай туххæй дæр берæ уацтæ æма аййевадон уадзимистæ нуриуæнгæ финст æрцудæй. Æма уони 'хсæн тæккæ зæрдæмæдзæугæдæрæй исфедаудзæнæй нæуæг зар «Задæлески Нанай кади зар». Хуæрз æрæги 'й бацæттæ кодтонцæ нæ зундгонд аййевадон архайгутæ: поэт Цæгат Иристони культури æскъуæлхт архайæг Колити Витали (текст), композитор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Кокайти Барис (музыкæ). Заргæ ба 'й ракæндзæнæй зартæгæнæг, Цæгат Иристони æскъуæлхт артисткæ Цæрикъати Римæ. Заргæ ба 'й ракæндзæнæй фиццаг хатт сабати, 2 августи Задæлески Нанай бæрæгбони рæстæг. Зари текст мах дæр абони мухур кæнæн.*



КОЛИТИ Витали



ЦÆРИКЪАТИ Римæ



КОКАЙТИ Барис



## ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ КАДИ ЗАР!

Изæддонæ, Задæлескæ,
Дæ уиндæмæ æнгъæлдзау.
Æй дæ кадæ сæрæй есгæ,
Бунæй ахедгæ де 'гъдау.

**Базард:**
*Нæхе Задæлескæ, уарзон Задæлескæ,*
*Нæ цох кæнис, нæ, мæ зæрдæй.*
*Мæнæн а зæнхæбæл цидæр ес зæрдесгæ, -*
*Æгасемæй дæ хуæздæр.*

Дигори 'зæд – нæ кувддонæ
Кæрæдзебæл мах бæттуй.
Игуæрдæнти сауæдонæн
Æ сатæг дæр нифс дæттуй.

**Базард:**
*Дæумæ ковæн, Нана, дæуæй корæн, Нана.*
*Нæ цитгин изæд Нана.*
*Устур хуарзæн, Нана, ци агорæн, Нана.*
*Кæстæр хестæр куд кæна.*

Фæрнгун адæм нур цал доги
Дæуæй æнцæ сомигъон.
Лæгдзийнадæ уæд сæ тоги,
Райдзастдæр ба сæ исон.

**Базард:**
*Дæумæ ковæн, Нана, дæуæй корæн, Нана.*
*Нæ цитгин изæд – Нана.*
*Устур хуарзæн, Нана, ци агорæн, Нана.*
*Кæстæр хестæр куд кæна.*

Зæрддаг нин дæ æнккæтемæн,
Макæд фесæфæд дæ фæд.
Еу фæлтæрæй ба – иннемæ
Дæ фарни кой игъусæд…

**Базард:**
*Дæумæ ковæн, Нана, дæуæй корæн, Нана.*
*Нæ цитгин изæд – Нана.*
*Устур хуарзæн, Нана, ци агорæн, Нана.*
*Кæстæр хестæр куд кæна.*



***Кен КИЗИ (1935-2001), америкаг финсæг: «Уарзæгой адæймаг цæруй уарзæгой дуйней. Хæран адæймаг ба цæруй хæран дуйней. Кæбæл си исæмбæлис, е дин æй дæ айдæнæ...» Аци финсæгæн æ фидиуæзæги нури разамунди уинддуги дæр бæргæ ку фæууидæ уæхæн айдæнæ, кæци син сæхецæн дæр равдесидæ сæ хæран уодигъæдæ?..***



Аци æрмæги дæлсæргæндти хузи испайда кодтан дигорон-кæсгон-балхъайраг адæмон æмбесæндтæй.

# РÆСТУОД ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРУЙ!..

## ИРИСТОНИ ÆМА КÆСÆГ-БАЛХЪАРИ АДÆМТИ ÆХСÆН ИСТОРИОН РАХАСТДЗИЙНÆДТИ ТУХХÆЙ



**ДЗИДЗОЙТИ Валерий,**
историон наукити доктор, профессор.

***– Не 'мвæрстæ цæрæг адæмихæттити хæццæ нин хæлар рахастдзийнæдтæ цæмæй идарддæр дæр æнгомдæр æма федауцæдæр кæнонцæ, уой туххæй нæ дзиллæ, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæртæ гъæуама хуарз æма æнхæстæй зононцæ нæхе адæми æма нæ синхæгти цардвæндаги хабæрттæ, сæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма фæткитæ...***

Кавкази адæмтæ, уæлдайдæр ба ирæнттæ æма кæсгæнттæ, рагæй цæрунцæ фæрсæй-фæрстæмæ. Кæрæдземæн уарзон æма хæлар ке адтæнцæ, уомæн ба ес намусгин традицитæ. Гъулæггагæн, дууæ рагон адæмти хæстæгдзийнадæ федардæр кæнуни туххæй раздæр дзаманти ци дессаги хабæрттæ 'рцудæй, уонæмæ нуриуæнгæ нæдæр кæсгон, нæдæр ирон историктæ се 'ргом нæ раздахтонцæ. Абони ци темæбæл дзубанди кæнæн, е ба ахсгиаг æй нури царди дæр, æма, куд æнгъæл ан, уотемæй æрмæг фæццæуддзæнæй газеткæсгути зæрдæмæ.

**АДÆЙМАГ ЛИМÆНÆН Æ УОД ДÆР НЕ 'ВГЪАУ КÆНУЙ!..**

Рагон дзаманти Кæсæг æма Иристони адæмти 'хсæн еудадзугон æма æнгом бастдзийнæдтæ ке адтæй, уомæн æ бундор федардæр кодта экономикон фарстати фæрци. Фиццагидæр зæгъдзинæн зæнхи туххæй. Хестæртæй куд игъосгæ æрцудан, уотемæй кæддæр ирæнттæ-дигорæнттæ æма балхъайрæгтæ æмхузонæй пайда кодтонцæ, цæйбæрцæбæл хъæрдтæнцæ, уæхæн хуæнхаг хезæнуæттæй Хъæрæсей. Е нæ, фал ма еумæ бæгъатæр тох исамадтонцæ, аци зæнхитæ фæстæдæр æхе бакæнунмæ ка гъавта, хуæнхон Дигори еци ездæнтти хæццæ.

Куд зонæн, уотемæй Цæгат Иристони цæгатварс тъæпæнтæ еугурæйдæр адтæнцæ кæсгон æлдæртти къохи. Зæгъæн, Дигори коммæ бацæуæнти хецауеуæг кодтонцæ Мулдартæ, Курттати коммæ хæстæг, нури Дзиуаригъæу кæми æй, е уæди рæстæги хундтæй Барукино æма адтæй Гиляхстанови. Барукинойæй нигулæнæрдæмæ ба – æлдæртти зæнхитæ: Кубатей-кабак, Эльтюхов-кабак, Камбекуков-кабак, Тузаров – кабак æма æндæртæ. Еудзурдæй, ирæнттæ хуæнхти дæлбазур зæнхитæй пайда кодтонцæ, айдагъдæр кæсгон æлдæрттæй барæ ку райстайонцæ, уæд. Цæрæнбæнтти нæ адæм зæнхæбæл ке тухстæнцæ, уой туххæй ба берæ хабæрттæ фæддздзорæн ес. 1755 анзи апърели архимандрит Пахомий паддзахи хецауадæмæ игъосун кодта, зæгъгæ, ирæнттæ цæрунцæ хуæнхти 'хсæн æнгон æма хъæбæр лæгъуз, анзæй-анзмæ син хуар нæ фагæ кæнуй, хумгæнди зæнхитæ сæмæ ке нæййес, уой туххæй.

Гъуддаг изолдæр уотæ адтæй æма хуæнхбæсти цæрæг бийнонтæй еуæй-еуетæ бардзурдтæ аразун райдæдтонцæ кæсгон æлдæртти хæццæ æма фæстæдæр раледзиуонцæ будурмæ. Уотæ цалдæр дигорон гъæуи исирæзтæнцæ кæрæдзей фæсте. Зæгъæн, Туйгъанти гъæу – нури Дур-Дур, Хъарадзаути гъæу (Хæзнидон), Кет, Хъæрæгъæц æма æндæртæ. Иристони истори æртасæг профессор Б. Скитский финста, зæгъгæ, Тæгиати зæнхитæ уæлдай фулдæр æфтуйæгтæ хастонцæ. Хабар уотæ адтæй, æма етæ ахæстонцæ, Цæгат Кавказ æма Фæскавказ ка еу кодта, еци сæйраг над – Арвиком. Мадта дигорæнтти зæнхитæн дæр минкъийдæр ахедундзийнадæ нæ адтæй, Фæскавказ æма Кæсæги хæццæ ке базар кодтонцæ, уой туххæй.

Нур ирæнтти хæдзарадон царди фулдæр нисанеуæг адтæй зæнхи кустæн. 1781 анзи уруссаг æфсади афицер Л. Штедери паддзахи хецаудзийнадæ рарвиста Иристонмæ æма финста: «... дзæхæрадæнтти етæ дæр, кæсгæнтти хузæн, зайун кæнунцæ хъæдорæ, турккаг нартихуар, болгæ, хуæргæнæстæ, еугуремæй фудæр ба цъæх тамаку. Еци хуарздзийнæдтæй базар кæнунцæ Мæздæги хæццæ. Етæ хуарз косунцæ сæ хумти, хуари уæлдæйттæ ба фонсбæл баййевунцæ кæсгæнтти хæццæ».

Ами нæ изолдæр зæгъун фæндуй: кæд Хуæнхон Иристон æхгæд адтæй XVI-XVIII æности, уæд фæстæдæр ирон адæмæн бастдзийнæдтæ ке фæззиндтæй Кæсæги хæццæ, уомæн устур ахедундзийнадæ адтæй. Уæди рæстæги Кæсæг базар кодта Уæрæсей хæццæ, хъиримаг хантæ æма Турки хæццæ. Аллихузи товартæ ба кæрæдземæй минкъий не 'лхæдтонцæ. 1747 анзи уруссаг къупецти къуар Хъизларæй æрцудæй Кæсæгмæ æма си адтæй 100 адæймаги. Кæд Иристонæн XVIII æноси фиццаг æмбеси бастдзийнæдтæ нæ адтæй Уæрæсей хæццæ, уæддæр Кæсæги зæнхæбæл фадуат адтæй уруссаг къупецтæ æма гребенскаг хъазахъæгти хæццæ базар кæнунæн. Æхца кæми адтæй, фал ирæнттæ гъæууонхæдзарадон продукттæ æйййивтонцæ хъумацбæл, цæнхæбæл, æфсæйнагæй конд хæдзари дзаумæуттæбæл, хуар æма æндæр товартæбæл.

Зундгонд ахургонд Г. Клапрот 1807-1808 æнзти æ киунугæ «Балци Кавказмæ æма Гурдзимæ», зæгъгæ, уоми финста: «Дигорæнттæн сæ бон фæццæрун нæй æнæ Кæсæгæй. Ардигæй алкæд есунцæ цæнхæ, хуар ку не 'рзайуй, уæдта – хуар. Тиллæг не 'рзади цаутæ ба еци уæлхонх бæсти ахид фæууй».

**ÆФЦÆГ КÆМИ ЕС, УОМИ БУДУР ДÆР ЕС!..**

Идарддæр Кæсæг, Иристон æма Уæрæсей 'хсæн базарадæ никки хъæбæрдæр истухгин кæнунæн устур агъаз фæцæй, 1736 анзи сахартæ-федæрттæ Хъизлар æма Мæздæг арæзт ке 'рцудæнцæ, е. Паддзахи хецауадæ гъавта Цæгат Кавкази экономикæй æнхæстæй испайда кæнун, æма уой туххæй аци цæрæнбунæттæмæ æрветун райдæдта хуæнхæгти, куд бонгинти, уотæ уони дæлбарæ ка адтæй, еци зæнхкосгути дæр. Зæгъæн, 1764 анзи 116 кæсгон бийнонти адтæй Мæздæги. Куд зонæн, уотемæй ами курдбадзи фулдæр косгутæ адтæнцæ ирæнттæ æма черкесæгтæ. Мæздæги алливарс исирæзтæнцæ кæсгæнттæ æма, этникон къуар «цъайтæмæ» ка хаудтæй, уæхæн ирæнтти еумæйаг гъæутæ. Ами цæрæг сомехæгтæ æма гурдзиæгти хæццæ сæ къохи адтæнцæ Теркæй Сунжи цæугæдонмæ берæ зæнхитæ. Нæуæг æрледзгутæн барæ адтæй æнæ пошлинæй базар кæнун. Куд сæ фæндадтæй, уотæ сæ продукттæ сæребарæй æйййивтонцæ цæнхæбæл, æфсæйнаг æма æндæр товартæбæл. Фæстæдæр хуæнхæгтæ райдæдтонцæ æхцайæй базар кæнун, æма сæ равналæнтæ бæлвурд фæууруxдæр æнцæ.

Нуртæккæ нæмæ ци историон литературæ ес, уоми бæлвурд амунд цæуй, еуæй-еу хуæнхаг адæмтæ, уой хæццæ ирæнттæ дæр, ке адтæнцæ кæсгон æлдæртти дæлбарæ. Б. Скитскийи гъудимæ гæсгæ еци рахастдзийнæдти медес уæхæн адтæй, æма ирон феодалтæ архайдтонцæ, цæмæй сæ кæсгон æлдæрттæ æма сæ дæлбарæ адæм сæ базури буни бакæнонцæ, гъæуай сæ кæнонцæ, æма уой туххæй ба цæттæ адтæнцæ цийфæнди лæггæдтæ син кæнунмæ дæр. Фал кæсгон æма ирон адæмти дæлбареуæггæнæг гъæздуг рахастдзийнæдтæ нæ фæззиндтæнцæ дууæ синхаг хуæнхаг адæмти хæлардзийнадæбæл. Кæсæг æма Иристонæн уæди рæстæги адтæй æнгон политикон бастдзийнæдтæ æма XVIII æноси дæр устур агъаз фæцæнцæ ирон æхсæнæдти æма Уæрæсей рахастдзийнæдтæ хуæздæр кæнунæн.

Фæстæдæр Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, е адтæй æнæмæнгæ бакæнуйнаг гъуддаг, æма ибæл рагагъоммæ дини косгутæй арæзт къамис берæ бакуста. Профессортæ Блити М. куд гъуди кæнуй, уотемæй Уæрæсей хецауадæ архайдта еци еудзийнади фæрци æ нисантæ Центрон Кавкази царди рауадзунбæл. Къамис æ архайд райдæдта 1745 анзи æма еудадзуг æнцадæй кæсгон æлдæртти агъазбæл. Иристонмæ æй рарветуни агъоммæ канцлер А. Бестужев-Рюмин курдта, цæмæй пайдагонд æрцæуа кæсгон æлдæрттæ Магомед Атажукин æма Адильгирей Гиляхстанови лæггæдтæй. Бæлвурддæр ку зæгъæн, уæд паддзахи минæвæртти æдасдзийнадæ багъæуай кæнуни туххæй 1744 анзи декабри аргъауæни уæлдæр оргæн (Синод) дини косгутæй арæзт къамиси иуонгтæй алкæмæндæр равардта финстæгутæ кæсгон æлдæрттæ Адильгирей Гиляхстановмæ, Мудар Жангеров æма Батырмирза Мударовмæ. Амунд ба си адтæй, ци сæ исаразун гъудæй, уони туххæй бæлвурд хабæрттæ.

Хъизлари комендант В. Оболенский 1745 анзи Синодмæ фегъосун кодта, зæгъгæ, паддзахи æрвист адæм æрхъæрдтæнцæ Кæсæгмæ. Ами къамиси иуонгтæ бафусун кодтонцæ А. Гиляхстановмæ, æма имæ фæцæнцæ цалдæр бони. Саугин Пахомий игъосун кодта: «Адильгирей нæбæл исæмбалдæй устур кади хæццæ, æртæ бони фæцæй мах хæццæ, сауæнгæ ма нæ Тæтæртуппи ин ци зæнхитæ адтæй, уордæмæ дæр нæ бахъæртун кодта». Идарддæр Пахомий куд финста, уотемæй 15 майи адтæнцæ Иристони. Уæди рæстæги æлдар А. Гиляхстанови «тæтæртуппаг зæнхитæн» сæ географион æвæрдмæ гæсгæ син адтæй ахсгиг тугъдон-стратегион æма базарадон устур нисанеуæг. Æма уой туххæй аци зæнхити хецауæн XVIII æноси астæу адтæй уæлдай фулдæр кадæ цæгаткавказаг æлдæртти 'хсæн.

Райдайæнæй фæстæмæ ирон дини косгутæй арæзт къамисæн дæр кæсгæнттæ кодтонцæ ахедгæ агъаз. Аци гъуддагбæл дзорæг æй, Минкъий Кæсæги зæнхæбæл минæваради косæндонæн бундор æвæрд ке æрцудæй, е. Фал 1765 анзи Турк ниццæхгæр æй, зæгъгæ, ирон хæдзарæн уæн нæййес Кæсæги, е дан, æй Белградаг бадзурди нихмæ.

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи августи) Америки Еугонд Штаттæ исаразтонцæ устур æверхъаудзийнадæ – атæмон бомбитæ æргæлстонцæ япойнаг сахартæ Хиросимæ (6 августи) æма Нагасакибæл – (9 августи).**

Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæбæл дзоргæй XVIII æноси уруссаг документон æрмæгути куд финст ес, уотемæй кæсгон бонгинтæ дуетæн дæр кодтонцæ еудадзугон агъаз. Дини косгути Ирон къамиси поручик А. Бибирюлев 1747 анзи Синодмæ игъосун кодта, Хъизлари федарæй гъæуайгæнгути къуар æрвист ке ’рцудæй саугин Пахомий Иристонæй Хъизлармæ бахъæртун кæнуни туххæй.

Æлдар Адильгирей Гиляхстанови æрдигæй ба, дан, агъаз уодзæнæй. Уордæмæ игумен Никъала æма е ’нсувæр Кайхосро Махотелови æдасæй исæмбæлун кæнуни фæдбæл. Къамиси разамонгутæ агъаз курдтонцæ Устур кæсæги бонгинтæй дæр, уæлдайдæр иннетæй нимадидæр æлдар Магомед Кургокинæй.

Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ фæххуæздæр кæнунæн устур агъаз XVIII æноси фæцæй ирон æхсæнæдти балц Петербургмæ. Æ минæварадæ Хъизлармæ надбæл æрфусун кодта Минкъий Кæсæги Анзортæмæ.

Фиццаг ирон минæваради дзубанди Уæрæсей хецауади хæццæ хуарз æвдесæн æй кæсгон-ирон рахастдзийнæдтæн. 1751 анзи 29 октябри статс-секретарь æма фæсарæйнаг гъуддæгути Коллегий унаффæгæнæг В. Бакунин ирон минæвæртти фембæлди рæстæг фарста æрæвардтонцæ Иристони æндагон политикон уавæри туххæй. Загъд си адтæй: «... етæ кæсгон æлдæртти хæццæ, уæлдайдæр ба Адильгирей Гиляхстанови хæццæ æнцæ хæлар æма уарзон синхæгтæ. Фудголтæ ку нимпурсунцæ Кæсæги зæнхитæмæ, уæд сæ сувæллæнтти хуæздæр багъæуай кæнуни туххæй æрбарветунцæ Иристонмæ. Æма уой туххæй ирæнттæн кæсгæнттæй тæссаг нæй. Сæ еумæйаг нихмæлæууæг ка æй, уобæл дзубанди ку рацудæй, уæдта минæвæрттæ байамудтонцæ хъиримаг хантæмæ».

## ХÆЛАРÆЙ КА ЦÆРА, АМОНД ДÆР Е ИССЕРДЗÆНÆЙ!..

Дзубандий рæстæг минæвайрадæ байархайдта ирæнтти будурмæ раледзун кæнуни фарста ралух кæнунбæл дæр. Æма уой туххæй æрвист лæгтæ курдтонцæ Уæрæсей хецауадæй, цæмæй син байагъаз кæна Фиййагдони æма Æрæдони дони фæйнæфарс зæнхитæ раттун «кæсгæнттæ Али Мурзинтæ æма Анзорти гъæутæй 10-15 версти уæлдæр». Уæди рæстæги Уæрæсе æма Турки рахастдзийнæдтæ вазуггин ке адтæнцæ, уой туххæй паддзахи хецауадæ ирæнтти курдиадæ нæ исæнхæст кодта будурмæ сæ раледзун кæнуни туххæй. Айдагъдæр син льготитæ лæвæрд æрцудæй Хъизлар æма Астрахани хæццæ базаради гъуддаги. Бæлвурддæр ку зæгъæн, уæд уæгъдæгонд æрцудæнцæ базаради пошлинитæ федунæй, æма син уæхæн гæгъæдитæ лæвæрд цудæнцæ Хъизлари.

Канцлер А. Бестужев-Рюмин куд нимадта, уотемæй уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ райрæзун кæнунæн ахсгиаг уодзæнæй кæсгон æлдæртти цæстингас ирæнттæмæ. 1752 анзи 29 январи феврали финстæг рарвиста Адильгирей Гиляхстановмæ æма си курдта: «... уоми ирæнттæн уæ зæнхитæбæл цæруни барæ ес Хъизлари базармæ цæунмæ, кенæ æндæр гъуддæгути фæдбæл. Æма уи уой корæг дæн, цæмæй хæларæй цæрайтæ еумæ. Архимандрит Пахомий ба ирæнттæн зæнхæ раттуни фарста гъæуама фæдзахстайдæ черкесаг æлдар инæлар Елимирзабæл.

Ирæнттæ ку базудтонцæ, æма син зæнхæ Уæрæсей хецауадæ нæ ратдзæнæй будури, уæд еуæйеуетæ сæ цард сæхуæдтæ аразун райдæдтонцæ. Аци гъуддаги ба, фиццагидæр, фæппайда кодтонцæ сæ зонгæ кæсгон æлдæртти агъазæй. Хуæнхбæстæй гъæугай ледзун райдæдтонцæ будурмæ. Архимандрит Пахомий игъосун кодта, зæгъгæ, раздæр кæсгон æлдар Кисиновмæ, Кашкатови ка цардæй, уæхæн дигорон биццеу фæстæдæр æрцардæй «Дурдурий» ка хуннуй, еци цæугæдон кæми æй, уоми.



Цæгат Кавкази адæмтæ алкæддæр арæхстæнцæ сæ кæрæдзей æхсæн рахастдзийнæдтæ зæрдхæларæй аразунмæ.

Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ XVIII æноси 50-60 æнзти цихузæн уавæри адтæнцæ, уомæн Блити Макс ци хатдзæг искодта, уотемæй еугур бастдзийнæдтæ дæр федар кодтонцæ, куд экономикон, уотæ политикон бундорбæл дæр. Ирæнттæн тагъд рæстæги зæнхæ лæвæрд ке ’рцæудзæнæй будуйрон рауæнти, е син устур нифс адтæй æма зæрдиагæй æнгъæлмæ кастæнцæ еци амондгун рæстæгмæ

Фал уæддæр юридикон æгъдауæй Иристони æндагон æдасдзийнади фарста лухгонд нæма æрцудæй. Æма уой туххæй Уæрæсей хецауадæ Иристон гъæуай кæнун кæсгон æлдæрттæн ке бабарæ кодта, уомæн уæди рæстæги устур ахедундзийнадæ адтæй.

Сахар Мæздæгæн 1763 анзи бундор æвæрд ке ’рцудæй, уой фæрци аци региони бæлвурд фæффедардæр æнцæ Уæрæсей тугъдон-политикон арæнтæ. Уруссаг тæвагæ хъæртун райдæдта айдагъ Цæгат Кавказмæ нæ, фал ма бастдзийнæдтæ фæззиндтæй Гурдзий хæццæ дæр. Документтæ куд дзорунцæ, уотемæй минкъий кæсгон æлдар Асланбек Тасолтановæн Уæрæсей хецауадæ алли мæйæ дæр мизд фиста, Гурдзимæ надбæл цæрæг ирæнтти хæццæ бастдзийнæдтæ ке исаразта, уой туххæй.

## ЛÆГ БÆРÆГГÆНÆН – ÆРДХУАРДÆН ÆРДХУАРД УН!..

Кæсгæнттæ XVIII æноси 60-70 æнзти агъазиау агъаз бакодтонцæ, Уæрæсей хецауадæ Иристонмæ ци геологон экспедицитæ исаразта, уонæн дæр. Фæсарæйнаг гъуддæгути Коллеги устур зиндзийнæдтæ æвзурста, уæди рæстæги вазуггин политикон цаути азарæй хузгин згъæртæ агоруни куст лæгъуз ке цудæй хуæнхбæсти, уой туххæй. Астрахани губернатор Н. Бекетовмæ 1767 анзи декабри ци финстæг æрвист æрцудæй, уоми загъд ес, зæгъгæ, Иристони хуæнхон кустуæттæ ку фæззинна, уæд гæнæн ес, æмæ арæзт æрцæудзæнæнцæ æндæр рауæнти дæр, еугур гъуддæгутæ ба, дан, кæсгон адæми барæ бакæнун гъæуй, аци рауæн син кадæ ке ес, уой туххæй.

Фиццаг геологон экспедиций иуонгтæй еу адтæй ротмистр А. Киреев, æма 1768 анзи 21 июни финста, Иристонмæ ци балци исаразта, уой фæдбæл: «... раздæр Минкъий Кæсæги бацудан æлдар Росломбек Таусултановмæ, фал бунати нæ разиндтæй, æма мах дæр уæд æрфусун кодтан æндæр бонгин лæг Бæтæхъо Таусултановмæ. Хуарз нæ исиуазæг кодта, фæстæдæр ба нæ бахъæртун кодта ирон гъæумæ. Ардигæй мах рабалци кодтан Курттати коммæ. Бæтæхъо ба уоми байзадæй.

Иннæ экспедици Иристонмæ арæзт æрцудæй 1771 анзи. Разамунд ин лæвардта ротмистр А. Батырев æма хуæнхон мастер А. Кирхнер. Экспедиций хæццæ адтæнцæ кæсгæнттæ Давлатухъо æма Бæтæхъо Анзоровтæ, Мисост Дыкинов. Батырев 1771 анзи 2 декабри хецауадæмæ куд игъосун кодта, уотемæй, кæд экспедиций къохи хуарзæй ести бафтудæй, уæд айдагъдæр кæсгæнтти фæрци. Етæ еудадзуг архайдтонцæ уруссаг-ирон бастдзийнæдтæ аразунбæл æма сæ федар кæнунбæл. Гъуддаг уотæ рауадæй, æма аци экспедиций иуонгти æрахæста Курттати коми цæрæг, номдзуд ирон æлдар Есиати Бахтыгирей, 1769 анзи фæззæги хъазахъæгти тугъдон команди нихмæ тохи е ’нсувæр ке фæммард æй, уой туххæй.

Аци тæссаг уавæр экспедиций куст бакъулумпи кодтайдæ. Фал Бæтæхъо Анзоров æвæстеуатæй дзубанди кæнун райдæдта Есиати Бахтыгирейи хæццæ. Раздæр ци документти кой искодтан, уоми куд финст ес, уотемæй Анзоров Есиай-фурти исарази кодта, цæмæй экспедиций ма багъигæ дара. Еци хабарæн, дан, Уæрæсей хецауадæ неци зонунцæ, уæдта, дан, зиан æрцудæй æнæнгъæлти, æма нур уруссæгти ку нæ рауадзай, уæд дæхуæдæг исонибони уæлдæр хецауадæй æвудæй нæ райервæздзæнæ. Еудзурдæй, кæсгон хæлар Б. Анзорови агъазæй экспедици идарддæр æ куст кодта.

Ами нæ идарддæр зæгъун фæндуй уой, æма уруссаг-турккаг тугъд (1768-1774 æнзти) æнтæстгинæй рахецæн æй Уæрæсей пайдайæн. Кючук-Кайнарджийскаг бадзурд арæзт æрцудæй, æма нур Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни туххæй еугур цæлхдортæ дæр рагæлдзун багъудæй. Ирæнттæн кæсгæнтти хæццæ федар бастдзийнæдтæ ке адтæй, уой туххæй уруссаг хецауадæ лухгондбæл нимадта Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни ахсгиаг фарста.

## ÆЦÆГ ÆРДХУÆРДТÆ ÆНÆБАСÆТГÆ ÆФСАД ÆНЦÆ!..

Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути коллегий сæргълæууæг Н. Панин къниаз Г. Потемкинмæ игъосун кодта, зæгъгæ, ирæнттæн кæсгон адæми управлений хецау астрахайнаг губернатори хæццæ ес æнæскъунгæ бастдзийнæдтæ, æма дан, кæд еу адæми хæццæ гъуддæгутæ аразæн, уæд иннемæ дæр хæстæгдæр æрбалæуун гъæуй. Уотæ 1774 анзи Цæгат Иристони фулдæр хай бацудæй Уæрæсей искондмæ. Аци цауæн ба устур ахедундзийнадæ адтæй ирон адæми политикон, экономикон æма културон царди.

Хуæнхон синхаг адæмти хæццæ хæлар рахастдзийнæдтæ ке фæззиндтæнцæ, уой фæрци арæзт æрцудæй фæллойнæгæнæг дзиллити цæдес. Кæсгон, балхъайраг æма ирон зæнхкосгутæ еумæ ралæудтæнцæ се ’фхуæрæг бонгинти нихмæ. Аци гъуддагæн хуарз æвдесæн æй дигорон зæнхкосгути исистад 1781 анзи. Уæд дигорæнтти хæццæ байеу æнцæ «черкестæ» æма балхъайрæгтæ, уæлдайдæр абрек Бекбайи къуар. Уæди цаути архайдта Л. Штедер æма инæлар Фабрицианмæ игъосун кодта, зæгъгæ, Бекба ард бахуардта дигорæнтти хæццæ, байеу æй æхсæнади иуонгти хæццæ, домуй паддзахæн формалон æгъдауæй лæггадæ кæнун, раздæр ба, дан, устур зæрдиагæй службæ кодта Уæрæсей пайдайæн.

Еу æма дууæ хатти синхаг хуæнхаг адæмтæ нæ ралæудтæнцæ æндагон тухгæнгути нихмæ. 1770 анзи кæсгæнттæ æма ирæнттæй арæзт æрцудæй «Хуæнхон командæ», æма си адтæй 206 адæймаги. Е бацудæй Мæздæги тугъдон гарнизони искондмæ. Уруссаг-турккаг тугъди архайдта фæстæдæр, æма дууæ адæмей хъæболтæ дæр сæхе равдистонцæ бæгъатæрæй.

Кæсгæнттæ æма ирæнттæ 1774 анзи 3 июни уруссаг æфсæдти хæццæ еумæ Мæздæги бунмæ архайдтонцæ хъиримаг-турккаг æфсæдти нихмæ карз тугъдтити. Г. Потемкини указмæ гæсгæ 80-аг æнзти размæмпурсæг командæ арæзт æрцудæй кæсгæнттæй, ирæнттæ æма мæхъæлæнттæй. Кæсгон инæлар-майор Горичи разамундæй 1784-1791 æнзти архайдтонцæ уруссаг-турккаг тугъди, фæстæдæр ба сæхе бæгъатæрæй равдистонцæ шведти нихмæ. Еугуремæй хъæбæрдæр ка фескъуæлхтæй, еци хуæнхæгтæ иронхуати нæ байзадæнцæ. Хъубадти Кирманæн лæвæрд æрцудæй майори цин, Туйгъанти Айтег æма Хъайтухъ Байгириев ба иссæнцæ капитантæ.

Раст ку зæгъæн, уæд, Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, уомæн тæккæ агъазиаудæр фæстеугутæй еу адтæй, нæхердигонау финсуйнадæ нæмæ ке фæззиндтæй, е. Нæ адæмæн фæззиндтæй равгитæ уæдиккон царди талингæдзийнæдтæй фæйййервæзунæн, рохсдзийнади нæдтæбæл ирисхъи хуæздæр исонибонмæ ранæхстæр унæн. Зонгæ кæнун райдæдтонцæ уруссаг ахурадæ æма култури хæццæ. Еци гъуддаги ахсгиаг агъаз фæцæй Ири дини къамиси архайд. Мадзæлттæ арæзт цудæнцæ айдагъ уруссаг æвзаг æма културæ нæмæ æрбахæстæг кæнунæн нæ, фал ма цæмæй кæсгæнтти уодварни хæзнатæ дæр нæ адæмæн бæлвурдæй зундгонд адтайуонцæ. Æма уой фæрци дæр синхæгти хæлар рахастдзийнæдтæ ирæзтæнцæ.

Æма цæмæй идаддæр дæр нæ еци рахастдзийнæдтæ æнгомдæр æма федауцæдæр кæнонцæ, уой туххæй нæ дзиллæ, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæртæ, уой туххæй гъæуама хуарз æма æнхæстæй зононцæ еци адæмихæттити цардвæндаги хабæрттæ, сæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма фæткитæ, сæ уодиконд æма зундирахаст. Айдагъдæр уотемæй уодзинан кæрæдзей лæдæрунгъон, кæрæдземæн аргъ кæнунгъон, кæрæдзей хæццæ æрдхуардзийнадæ рæстзæрдæй гъæссунгъон...

**Уæрæсей 3 августи бæрæггонд цæудзæнæй физкультурники Бон. Еци бон ма бæрæггонд цæуй гъæдтæ зингиссугъдтитæй багъæуай кæнуни Бон.**

☺ Оставить в жизни что-то можно. А вот с собой забрать нельзя...

☺ Он жизнью гороскоп не подводить старался.

☺ Врать не люблю... Но по-другому никак людей не обмануть.

☺ Ты, дорогая, у меня как кока-кола. Тоже вредна, желанна и так же шипишь.

☺ А коль родители вдруг нагрянут, ты им скажи, что я твой родной брат.

## ДОХТИРИ АМУНДДЗИЙНÆДТÆ





# ХОР УÆ Æ ГЪАР ТУНТÆЙ РÆВДАУÆД, ФАЛ...

***Сæрдæ æ тæмæни бацудæй, хор æ араугæ тунтæй æгæрдæр ма тавуй, зæнхæбæл цæруйнагæй цидæриддæр ес, уони берæ цæмæйдæртæй гъигæ даруй. Уæлдайдæр ба – адæми. Уæхæн ни, æвæдзи, нæ разиндзæнæй, нури тæвдæ бонигъæдæй ка нæ истухсуй, сатæг рауæн иссерунбæл ни ка нæ фæйййархайуй. Кондиционертæ æма вентиляттортæ уомæн еуцæйбæрцæдæр агъазгæнæг бæргæ ’нцæ, фал уонæй пайда кæнгæй дæр зæрдæбæл дарун гъæуй уой, æма алцæмæй дæр бæрцæ зонун гъæуй.***

Уæлдæфи температурæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр уа, уойййасæбæл си тауæггур (кислород) минкъийдæр ес. Уомæ гæсгæ адæймагæн уолæфун дæр зиндæр фæууй, зæрдæ æма тогдадзинтти хизæгбæл фулдæр уæзæ фæууй, тогдадзинттæ фæуурухдæр унцæ, тог æндæр рауæнтæмæ фулдæр райдайуй кæлун æма бауæри хæйттæ барæсуйунцæ. Уе ’нæнездзийнадæ цæмæй ма фæккеуа, уой туххæй хорбони гъæунги минкъийдæр рæстæг унбæл архайетæ, уæлдайдæр, еуæндæс сахаттемæй ба æхсæрдæс сахаттемæ. Кæд уин фадуат нæййес, уæд хорауuон рауæнтæ агоретæ, уæ сæртæбæл тæнæг сæрбæттæнтæ бабæттетæ, кенæдта ходæ никкæнетæ. Ескумæ цæугæй, уæ хæццæ хæссетæ, дохтир уин ци хуастæ рафинста, уони. Æ амунддзийнæдтæ ин æнæмæнгæ æнхæст кæнетæ. Уæледарæс гъæуама уа, уæлдæф хуарз кæми хезуй, уæхæн. Къахидарæс – рæуæг æма æнæ бæрзонд къелтæй.

Сæрди инод бæнтти фулдæр æргом æздахун гъæуй сувæллæнттæмæ. Тар уæледарæс сæбæл нæ гъæуй кæнун, æнæ сæр æмбæрзтæй сæ гъæунгæмæ ма уадзетæ. Ультрафиолетон тунтæ зæран хæссунцæ ирæзгæ бауæрæн, уомæ гæсгæ сæ æнæ уæледарæсæй 15-20 минуттемæй фулдæр ма уадзетæ хормæ. Кæдзос уæлдæфмæ сæ ракæнетæ сæумæй æма изæрæй, рæстæмбес нимадæй 2-3 сахатти изæрæй дæр æма сæумæй дæр.

Еци рæстæгæй испайда кæнун гъæуй, цæмæй сабийтæ фулдæр гъазонцæ, зуймон син уомæн уойййасæ фадуат нæ фæуй. Æма еу æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фæткæ: сувæллони хæдзарæмæ ку бакæнайтæ, уæд ин æ бауæрмæ лæмбунæг æркæсетæ, гæбу ибæл, миййаг, нæ ниххуæстæй? Кæд ибæл ниффедар æй, уæд æй уæхуæдтæ рафтаунбæл ма архайетæ, дохтирмæ ’й æвæстеуатæй фæххонетæ. Сувæллæнттæмæ тæвди хуæрун нæ фæццæуй, уомæ гæсгæ син фулдæр дæттетæ донгун хуæруйнаг, рæзæ, халсартæ, уæдта уотид дон.

Дзедзедай сувæллæнтти дарæсти æгæр тохун нæ гъæуй, ахиддæр син гъæуй хуæруйнаг дæттун. Мадтæлтæ сæхуæдтæ дæр еци рæстæг гъæуама фулдæр ниуазонцæ дон. Сабийти кæдзос уæлдæфмæ ракæнгæй, уæ хæццæ райсетæ сæрмагонд дзаумау дони кенæ, адгин ка нæй, уæхæн кампоти хæццæ.

Куд æй ес базонæн, сувæллонæн тæвдæ æй æви нæ, уой? Æ ростæ иссурх унцæ, æ бауæри тæвдæ исхезуй, фæккæуй мади æхсир коргæй.

### НÆКÆСИ!..



Еугæр дзубанди сувæллæнтти туххæй рацудæй, уæд еу гъуддаги туххæй ма зæгъуйнаг ан. Цæветтонгæ, рагæйдæр уотæ ’й: сувæллонмæ хуæрун нæ цæуй, зæгъгæ, уæддæр æй хестæртæ нæ ниууадздзæнæнцæ, цалинмæ тæбæгъи цидæриддæр ес, уой нæ бахуæра, уæдмæ.

Уотемæй ба, нигулæнгермайнаг специалистти гъудимæ гæсгæ, еци фæткæ раст нæй. Дууадæс анзей уæнгæ, дан, кæбæл цæуй, уонæн тухæй неци хуæрун кæнун гъæуй, уомæн æма сæмæ хуæрун алкæд æмхузон нæ цæуй – кенæ æфсес нæбал фæззонунцæ, кенæ ба хуæруйнаги уиндæй сæ зæрдæ исхæссуй. Сабийтæн хуæрун кæнуни гъуддагмæ уæлдай лæмбунæгдæр æма лæдæргæдæр цæстдард гъæуама цæуа аци тæвдæ рæстæги.

Гъæунги уæлдæфи тæвдæ 25 градусемæй фулдæр ку уа, уæд дзедзедай сувæллони æндæмæ ма хæссетæ 11 сахаттемæй ба 15 сахаттей уæнгæ, уæ хæццæ райсетæ хулуй салфеткæ кенæ донпурфгæнæн, сабийи цæсгон æма си къохтæ хулуй кæнетæ.

Тæвдæ бони бауæр фулдæр дон харз кæнуй, уомæ гæсгæ ба ниуазун гъæуй 2,5-3 литри аллихузи дæнттæ, уæдта цайтæ. Сæ еугуремæй хуæздæртæ – тауæгадæ ци гагарæзи ес, етæ: хæлæрдзи, туацъæ, лимони дон. Еугуремæй хуæздæр ба – минералон дон æнæ газæй, цай, уæлдайдæр – цъæх цай. Адгин дæнттæ æдонуг нæ сæттунцæ, карз ниуæзтæй ба æгириддæр нæ гъæуй хе хинцун. Ехгун донæй пайда кæнун дæр дохтиртæ нæ амонунцæ, уомæн æма расайуй хъурти аллихузон незтæ, уони хæццæ ангинæ дæр.

Цæхгун, сонгун хуæруйнæгтæй мийнасæ кæнун фæстæдæрмæ уагътæ, фулдæр хуæретæ халсартæ æма рæзæ. Тæвдæ бони адæймаг бæллуй донæй хе æрæхснунмæ. Уотæ кæнун нæ гъæуй. Тæвдæ уавæрæй уазал уавæрмæ сонт рацæунæй тогдадзинттæ рампулунцæ, тоги æлхъивдадæ исбæрзонд уй. Уогæ ба, гъæунги æма хæдзари медæгæ температурити ’хсæн хецæндзийнадæ 5 градусемæй фулдæр гъæуама ма уа. Кондиционер 2-3 метремæй хæстæгдæр гъæуама ма уа адæймагмæ, кенæдта, дæргъвæтийнæ рæстæг ци незтæй тухсуй, етæ фæттухгиндæр унцæ, уæхæн рæстæг адæймагмæ æмхец æнцæ респираторон незтæ дæр.

Хор ци адæймаги ниццæва, уой рази ку фæууайтæ, уæд æй, фиццагидæр, бахæссун гъæуй сатæгмæ, кæд фадуат ес, уæд æй æ фæсонтæбæл нихъхъан кæнетæ, æ къохти буни ин ести байвæретæ, цæмæй æ сæрæй уæлдæр уонцæ æма ин минкъийгай, фал ахид дон дæттетæ.

Еу загъдæй, аци æгæрæй-æгæрдæр тæвдæ бæнтти лæмбунæгдæрæй кæсетæ уæ хелæдæруйнади уавæрмæ, ци гæнæн æма амал ес, уомæй уæхе гъæуай кæнетæ. Нæ зæрдæ ба уин уой зæгъуй, æма æнæнез, удæнцойнæ бæнттæ уæбæл фулдæр кæнæд!

***Æрмæг цæттæгонд æй медицинон амунддзийнæдти литературæмæ гæсгæ.***

## ЗОНУЙНАГ

### ПЕНСИТИ БÆРЦÆ ФÆФФУЛДÆР УОДЗÆНÆЙ

Пенсион фонд 1 августæй фæффулдæр кæндзæнæй, пенсиесгутæй ма косгæ ка кæнуй, уони пенсити бæрцæ. Дзубанди цæуй, 2024 анзи ка куста, еци 35 866 пенсиесæгей туххæй.

Пенситæ цæмæй нæуæгæй банимайуонцæ, уой туххæй адæми нæ гъæуй нæдæр курдиадæ финсун, нæдæр некумæ цæун. Пенсион фонд æхца æхуæдæг барветдзæнæй пенсиесгути картитæмæ августи.

Сæ пенситæ фæффулдæр уодзæнæнцæ, æ карæмæ гæсгæ, кенæ ба инвалид ка ’й, уой фæдбæл пенси ка есуй, уонæн. Уомæй уæлдай, фæффулдæр уодзæнæнцæ, сæ дарæг кæмæн нæбал æй æма уомæ гæсгæ пенси ка есуй, уонæн дæр.

Бæлвурд æма федаргонд коэффициентмæ гæсгæ алли хатт ци индексаци фæууй, уомæй августи индексаци кæнуй хецæн – алли пенсиесæгæн дæр нимад цæудзæнæй хецæнæй æма сæрмагондæй. Адæймагæн æ официалон мизд цæйбæрцæ фулдæр адтæй, уой бæрцæ фулдæр уодзæнæй, ке ин бафтауонцæ, еци æхцай бæрцæ дæр – тæккæ фулдæр уодзæнæй æртæ пенсион коэффициенти.

Уæ зæрдæбæл уин æрлæууун кæнæн уой дæр, æма аци анз Уæрæсей Федераций Пенсион фонд ке райдæдта косæг пенсиесгутæн сæ пенсити бæрцæ фулдæр кæнун. Нур еугур пенсиесгутæн – фæнди коса, фæнди ма коса – сæ пенситæ фулдæр кæндзæнæнцæ инфляцимæ гæсгæ. 2025 анзи уæнгæ еци уæлæнхасæн бафист æмбурд кодта, фал фист нæ цудæй.

Бæлвурддæр хабæрттæн базонæн ес, уæхæн телефонмæ лæвар бадзоргæй: 8-800-100-00-01 (телефон косуй авдисæрæй цуппæрæнмæ 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба 9.00 сахаттемæй 16.45 сахаттей уæнгæ).

***Уæрæсей Федераций Пенсион фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

## ТÆФИРФÆСТÆ

Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив хъæбæр зæрдхъурмæй тæфирфæс кæнуй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг æма Хецауади Администраций разамонæг Гобети Бариси фурт Ибрæгимæн, е ’нсувæр

**ЛЕУАНТИ**
**Бариси фурт Валерий**
ке рамардæй, уой фæдбæл.

Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив хъæбæр зæрдхъурмæй тæфирфæс кæнуй Цæгат Иристони адæмон поэт Гуржибегти Геуæргий кизгæ Иринæн, е ’нсувæр

**ГУРЖИБЕГТИ**
**Геуæргий фурт Леонид**
æверхъауæй ке фæммард æй, уой фæдбæл.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **560.** Заказ **№ 1654.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 01.08.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 01.08.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.